

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Unggal tempat miboga kasang tukang anu béda dina sistem/prosés méré ngaran tempatna. Rupa-rupa kasang tukang ngaran éta tempat dipangaruhan ku sababaraha aspék, di antarana aspék fisik, aspék sosial jeung aspék kultural. Salila prosés panalungtikan di wilayah Kecamatan Darangdan, bisa kabukti yén dina prosés méré ngaran tempatna teu sagawayah. Masarakat salaku palaku utama dina méré ngaran éta tempat, miboga kasang tukang anu jelas pikeun nyieun atawa méré ngaran ka hiji patempatan.

Di Kecamatan Darangdan kadata aya 46 ngaran patempatan anu miboga kasang tukang ngaran anu tangtu, anu nyebar di 15 Désa. Tina 46 ngaran patempatan éta, dikelompokeun dumasar aspék-aspék anu mangaruhan kana sitem méré ngaranna, di antarana:

- 1) 26 (56,5%) ngaran patempatan di wilayah Kecamatan Darangdan kapangaruhan ku aspék fisik, di antarana :
 - a) Aspék Hidrologis : Kampung Ciménténg (Désa Darangdan), Kampung Cikokosan (Désa Gunung Héjo), Kampung Cikiara (Désa Mekarsari), Kampung Cilingga (Désa Cilingga), Kampung Cibueuk (Désa Linggarsi), Kampung Cisaat (Désa Pasirangin).

b) Apék Biologis : Kampung Cilimus (Désa Darangdan), Kampung Cibitung (Désa Sawit), Kampung Ciwaru (Désa Gunung Héjo), Kampung Cinangka (Désa Nagrak), Kampung Cicariu (Désa Nagrak), Kalapa Condong (Désa Sirnamanah), Pasirkamuning (Désa Cilingga), Kampung Nenggéng (Désa Néglasari), Kampung Cikupa (Désa Nangéwér), Kampung Cikokosan (Désa Nagrak).

c) Aspék Géomorfologis : Leuwi Lisung (Désa Sawit), Kampung Sawit Kalér (Désa Sadarkarya), Désa Nagrak, Désa Legoksari, Kampung Legokwaru (Désa Legoksari), Kampung Kubang (Désa Legoksari), Kampung Tegalsapi (Désa Néglasari), Désa Pasirangin, Kampung Pasirdatar (Désa Pasirangin), Kampung Pojok (Désa Pasirangin).

2) 5 (10,9%) ngaran patempatan di wilayah Kecamatan Darangdan kapangaruhan ku aspék sosial, di antarana Kampung Babakan (Désa Darangdan), Désa Linggamukti, Kampung Cijolang (Désa Linggasari), Kampung Babakan Sawah (Désa Linggasari), Kampung Babakan Kupa (Désa Nangéwér).

3) 15 (32,6%) ngaran patempatan di wilayah Kecamatan Darangdan kapangaruhan ku aspék kultural, di antarana Kampung Darangdan (Désa Darangdan), Kampung Lebakwangi (Désa Darangdan), Jalan Militér (Désa Darangdan), Kampung Sawit (Désa Sawit), Kampung Wadon (Désa Sawit), Péngkolan Cekong (Désa Sawit), Gunung Tilu (Désa Sadarkarya), Gunung Héjo (Désa Gunung Héjo), Gunung Gedogan (Désa Gunung

Héjo), Kampung Ngenol (Désa Gunung Héjo), Kampung Sirnamanah (Désa Sirnamanah), Lembur Kolot (Désa Mekasrsari), Kampung Dépok (Désa Dépok), Kampung Citukung (Désa Linggamukti), Kampung Jaladri (Désa Nangéwér).

Tina 46 ngaran patempatan, 10 (21,7%) ngaran patempatan di wilayah Kecamatan, dipangaruhan ku aspék mitologi, di antarana Kampung Lebakwangi (Désa Darangdan), Jalan Militér (Désa Darangdan), Kampung Wadon (Désa Sawit), Péngkolan Cekong (Désa Sawit), Gunung Tilu (Désa Sadarkaya), Gunung Héjo (Désa Gunung Héjo), Gunung Gedogan (Désa Gunung Héjo), Kampung Ngenol (Désa Gunung Héjo), Kampung Sirnamanah (Désa Sirnamanah), Kampung Citukung (Désa Linggamukti).

Lian ti éta, ngaran-ngaran tempat dumasar aspék mitologi tadi, bisa dilarapkeun dina pangajaran. Saluyu jeung kurikulum sarta SKKD anu geus ditangtukeun pikeun siswa SMA kelas XII.

5.2 Saran

Saréngséna ieu panalungtikan aya sababaraha saran pikeun sababaraha pihak, di antarana:

1. Pamaréntah

Pamaréntah kudu leuwih bisa sarta leuwih apik deui nataan kasang tukang ngaran-ngarann patempatan, hususna dina aspék mitologi, sabab hariwang saupama teu kaburu ditataan, carita ngeunaan kasang tukang ngaran éta tempat bisa leungit.

2. Lembaga Atikan

Toponimi dumasar aspék mitologi bisa dipaké pikeun bahan pangajaran, nu engkéna dipiharep bisa méré mangpaat boh kana kamajuan atikan Sunda boh kana tarékah dina ngamumulé budaya Sunda di lingkungan atikan.